

University Medical Center of Princeton
Politik sou èd finansyè - Rezime nan langaj senp (PLS pou Plain Language Summary)

Politik èd finansyè (FAP pou Financial Assistance Policy) University Medical Center of Princeton an egzistans pou founi pasyan ki eljib, sèvis swenyaj ijan avèk gwo rabè osinon lòt sèvis swenyaj nesèsè ki founi pa University Medical Center of Princeton (UMCP). Pasyan k ap chèche jwenn èd finansyè dwe pou yo fè aplikasyon pou pwogram lan, ki rezime isit la.

Sèvis ki eljib - Sèvis swenaj ijan osinon lòt swenyaj nesèsè ke UMCP founi epi faktire. FAP sèlman valab pou sèvis UMCP faktirize. Lòt sèvis nan fakti apa pou lòt founisè gendwa pa kouvri nan FAP a.

Pasyan ki eljib - Pasyan k ap resevwa sèvis ki eljib epi ki remèt yon aplikasyon konplè pou èd finansyè (aplikasyon) (an kontan dokiman / enfòmasyon konsènan) e ki dapre UMCP detèmine yo kalifye pou èd finansyè.

Kijan pou fè aplikasyon – Men ou gendwa jwenn / ranpli / remèt FAP ak aplikasyon an :

- Nan Patient Access Services UMCP ki prè Atrium ki nan Centers of Care.
- Mande pou yo voye dokiman yo ba ou pa lapòs, osinon ou gendwa pran yon randevou avèk konseye finansyè a depi w rele konseye finansyè UMCP a nan nimewo 609-853-7852.
- Demann pou dokiman yo kapab fèt pa lapòs, nan vizit an pèsòn osinon pran yon randevou. W ap jwenn konseye finansyè UMCP a nan One Plainsboro Road ; w ap vizite anchè e annòs, ale nan Patient Access Services, ki sitiye nan Atrium Center of Care, ki sitiye sou premye etaj la.
- Rale dokiman yo anliy nan sit entènèt UMCP a : <https://www.princetonhcs.org>.
- Voye aplikasyon ou ranpli a pa lapòs (avèk tout dokiman / enfòmasyon ki make nan lis dosye nesèsè UMCO a) bay : University Medical Center of Princeton Patient Access Services, Financial Counselor, One Plainsboro Road, Office # T1144, Plainsboro, New Jersey 08536 ; osinon fè livrezon an anchè e annòs bay konseye finansyè a.

Detèminasyon sou elijibilte pou èd finansyè - An jeneral, tout moun ki san asirans eljib pou yo resevwa yon èd finansyè. Lèfini, moun ki pa gen ase asirans, gendwa kalifye, dapre yon kalkil frè pwopòsyonèl, lè revni nèt fanmi pa yo a swa nan oswa pi piti pase 300% nan Gid Federal sou povrete (FPG osinon Federal Poverty Guidelines) gouvènman federal la. Kalifikasyon pou èd finansyè vle di moun ki kalifye yo ap gen kouvèti pasyèl osinon total pou swen yo resevwa p ap resevwa fakti ki plis pase montan ki faktirize an jeneral (AGP pou Amounts Generally Billed) bay moun ki gen asirans (AGB, Internal Revenue Service defini sa nan IRC Seksyon 501(r)). Nivo èd finansyè, bazè sèl sou FPG ak revni brit fanmi a, se :

- Revni brit fanmi a nan 0 a 200% nan FPG.
Èd finansyè total ; \$0 ap faktire bay pasyan an.
- Revni brit fanmi a nan 201% a 300% nan FPG.
Èd finansyè pasyèl ; AGB se maksimòm k ap faktire bay pasyan an.

Remak : Lòt kritè andeyò FPG ap konsidere tou (sètadi : disponiblite lajan kach osinon lòt byen ki gendwa konvèti pou gen lajan kach, ak yon revni nèt mansyèl anplis pa rapò avèk depans mansyèl kò kay la), men ki gendwa fè gen eksepsyon nan sa ki anvan an. Si pa gen rapò sou montan revni brit fanmi a, l ap nesèsè pou gen enfòmasyon sou kijan depans toulèjou satisfè. Konseye finansyè UMCP a ap revize aplikasyon konplè ki soumèt, epi l ap detèmine kalifikasyon pou resevwa èd finansyè konfòmman ak direktiv FAP UMCP. Aplikasyon ki pa konplè p ap aksepte, men moun ki ranpli aplikasyon an ap avize sou sa e l ap gen opòtinite pou l remèt tout dokiman / enfòmasyon nesèsè ki manke.

UMCP tradwi FAP, aplikasyon ak PLS li yo nan lòt lang depi lang ki pi komen nan zòn sèvis primè UMCP a reprezante 5% osinon 1.000 moun, kèlkeswa sa ki pi piti a. Gen sèvis tradiksyon ki disponib tou pou satisfè bezwen pasyan yo.

Si w bezwèn èd, asistans osinon gen kesyon ou vle poze, tanpri ale osinon rele : Konseye finansyè UMCP a nan One Plainsboro Road; pou vizit anchè e annòs, vini nan Patient Access Services, ki sitiye pre Atrium ki sitiye sou premye etaj la osinon rele nimewo 609-853-7852, lendi pou vandredi ant 7:30 am a 4:00 pm.